

KOURIKOULOUN SIDA MODEL LET POU PARAN

Dat:

Paran (an) yo:

Dapre regleman lwa Florid la, F.S. 233.067& 233.0672, Lekol Piblik nan Miami-Dade County te devlope “SIDA, Aprann Verite Yo” ki se kourikoulounm ki ekri pou reponn a bezwen konnen elev Kindegaden jiska sizyem ane sou kesyon SIDA a.

Nan klas Kindegaten rive nan katriyem ane, lesou yo ede timoun yo devlope bon abitud sante. Nan pati sa a, nou pale sou maladi ki rele SIDA a, epi nou komanse aprann yo se viris HIV a ki lakoz SIDA a.

Rive nan senkyem ane, nou komanse pale sou kijan moun ka pran HIV nan seks, epi nou nou esplike yo pa fe bagay se sel mwayen pou gnou moun pa pran HIV nan seks. Nan ane sa a, yo anseye kourikouloum SIDA a apre seksyon sou sante a, ak sou kijan moun devlope ak grandi. Infomasyon yo bay sou seks la pa ale pi lwen pase sa yo prezante nan klas sante a.

Nan sizyem ane jiska douzyem ane, yo bay timoun enfomasyon medikal sou kijan moun transmit HIV selon degre konnesans yo. Anplisdesa, yo bay kek sije pou diskite ak elev yo pou ede yo konprann ki efe SIDA ka genyen nan gnou sosyete.

Se paran ki pi enpotan nan edikasyon pitit yo. Kourikouloum SIDA a la poul ajoute sou anseyman paran yo, pa poul ranplase li, Poutetsa, nou ankouraje paran yo diskite kesyon SIDA a ak pitit yo. Li enpotan pou nou konnen nou gen dwa revise kourikouloum SIDA a nan lekol pitit nou. Si ou pa vle pitit ou patisipe, voye gnou let bay direkte / direktris lekol la. Nan ka sa a, ya fe gnou lot kalite anseyman pandan tan sa a.

Mesi pou sipou ou sou kesyon sa a.

Ak tout mak respe mwen,

Direkte / Direktris